



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN POU REZÈV ANBOUCHI RIVAJ SID LONG ISLAND LAN

Plan Jesyon Global la bay gid pou pwoteje kalite dlo, resous vivan ak itilizasyon piblik pou ane k ap vini yo

Kowenside ak Semèn Klimatik & Anbouchi Nasyonal la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a piblikasyon mizajou Plan Jesyon Global Rezèv Anbouchi Rivaj Sid Long Island 2022 a. Plan an konsantre sou priyorite aktyèl ke Rezèv Anbouchi Rivaj Sid la ap fè fas, tankou chanjman klimatik, rezistans, kalite dlo, restorasyon abita ak itilizasyon piblik anbouchi a. Mizajou Final Plan Jesyon Global (Comprehensive Management Plan, CMP) Rezèv Anbouchi Rivaj Sid (South Shore Estuary Reserve, SSER) Long Island 2022 a [disponib isit la](#). Anons sa a kowenside ak Semèn Klimatik ak Anbouchi Nasyonal la.

"Pwoteje vwa navigab ak rivaj Long Island yo pa janm gen plis enpòtans pandan n ap fè fas ak efè chanjman klimatik san parèy k ap grandi a ak menas regilye pou kalite dlo ak sante ekolojik", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen fyè pou m anonse plan jesyon konplè sa a pou Rezèv Anbouchi Rivaj Sid la, ki se yon ekosistèm rich ak divèsifye ki non sèlman bay benefis kle nan ekonomi, lwazi ak endistri touris Long Island lan, men tou ki pi byen prepare New York pou yon klima k ap chanje."

Mizajou Plan Jesyon Global (CMP) Rezèv Anbouchi Rivaj Sid Long Island 2022 a bay kominote yo ak moun ki gen enterè yo yon gid pou jere, pwoteje, ak restore resous valab Rivaj Sid la ak ekonomi anbouchi a pandan l ap adrese rezistans Anbouchi Rivaj Sid la alavni. Rezèv Anbouchi Rivaj Sid (SSER) la, ki te administre pa Depatman Deta (Department of State, DOS) Eta New York la, te etabli an 1993 atravè Lwa sou Rezèv Anbouchi Rivaj Sid Long Island lan ki fè apèl ak pwoteksyon ak jesyon pridan bè Rivaj Sid Long Island lan ak zòn tè wo ki drene ladan yo. SSER la reyini ansanm gouvènman Eta ak lokal yo, òganizasyon san bi likratif yo, akademi yo, enterè biznis lokal yo ak piblik la pou prezève, pwoteje ak amelyore resous natirèl yo, lwazi, ekonomik ak edikasyon SSER yo.

SSER a gen gwo etandi plaj sab, anpil marina, ak anpil pak ak prezève lanati ki bay opòtinite pou naje, navige, peche pwason, randone, obsève bèt sovaj, ak detann. Zòn

sa a se lakay 1.5 milyon moun, SSER a se yon ankraj pou endistri touris, fwidmè, ak endistri lwazi Long Island lan yo. Rezèv la elaji atravè pati sid Konte Nassau ak Suffolk epi li gen ladan: Vil Long Beach; pòsyon vil Hempstead, Oyster Bay, Babylon, Islip, Brookhaven ak Southampton; ak 28 vilaj.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Plan sa a esansyèl pou jesyon, pwoteksyon ak restorasyon alavni ekosistèm anbouchi lokal yo ak sèvis fòmidad yo bay kominote Long Island yo. Vwayaj navigab Long Island yo se eleman vital ekonomi pa yo, se poutèt sa li enpòtan pou konsève youn nan resous natirèl ki pi presye yo. Chak ane, Anbouchi Rivaj Sid la ofri anpil opòtinite lwazi ak ekonomik pou plizyè milyon rezidan ak touris, se poutèt sa nou dwe pwoteje li. Plan Jesyon Global mizajou sa a pa t ap posib san travay di ak devouman patnè fòmidad nou yo ki nan Konsèy Rezèv Anbouchi Rivaj Sid la, ke nou rekonesan anpil anvè yo."

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare: "Pandan semèn enpòtan sa a pou nou menm ki renmen aktivite deyò yo, mwen felisite plan sa a pou jerans Rivaj Sid Long Island lan. Kapasite piblik la pou itilize, jwenn aksè ak jwi kouran dlo yo ak rivaj yo enpòtan anpil epi planifikasyon pral asire rezilta pozitif pou pi devan."

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Pandan New York ap travay pou avanse batay nou kont enpak chanjman klimatik yo dapre lidèchip Gouvènè Hochul, Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a jwe yon wòl enpòtan nan bati rezistans nan enfrastrikti nou an pandan y ap amelyore dirabilite anviwònman nou an. Plan Jesyon konplè Rivaj Sid la se youn nan fason n ap travay ak patnè nou yo nan tout nivo pou pwoteje anviwònman nou an, pandan y ap bati rezistans pou jenerasyon kap vini yo."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "Anbouchi Rivaj Sid Long Island lan se yon bijou santral nan rezo vwa navigab maren New York la, sa ki konekte resous ak abita ki gen anpil valè yo ak kominote ak biznis yo ki benefisye resous maren New York yo. DEC pral kontinye travay ansanm ak Gouvènè Hochul, Depatman Deta, ak anpil lòt patnè ak Rezèv Anbouchi Rivaj Sid la pou sipòte objektif kolektif nan Lwa Klimatik ki alatèt peyi a pou pwoteje ak prezève abita ki gen anpil valè ak lavi maren yo."

Chèf Egzekitif Konte Suffolk la, Steve Bellone, te deklare, "Finisman nouvo plan sa a pou Anbouchi Rivaj Sid la se yon lòt etap enpòtan nan efò nou pou amelyore kalite dlo nan bè rivaj sid Long Island yo. Konte Suffolk rekonesan pou lidèchip solid Eta New York te bay epi li pa ka tann pou li travay avèk patnè nou yo nan gouvènman an pou asire ke dlo kotyè nou yo pi pwòp epi jenerasyon k ap vini yo kapab byen jwi yo."

Sipèvizè Vil Babylon lan, Rich Schaffer, te deklare, "Anbouchi Rivaj Sid la gen yon gwo enpòtans ekonomik ak sosyal pou Vil Babylon ak eta a an antye. Mizajou CMP sa a pral ede asire ke anbouchi a pwoteje pou jenerasyon k ap vini yo."

Sipèvizè Vil Hempstead lan, Donald Clavin, Jr., te deklare, "Rezè Anbouchi Rivaj Sid Long Island lan se lakay yon seri divèsite anviwòmantal ki rich, epi li kontribye anpil nan twal inik zòn nati kotyè vil nou an. Vil Hempstead pral kontinye travay ak patnè nou yo nan tout nivo gouvènman an pou asire yo pwoteje anviwonman Rivaj Sid nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Jerans anviwòmantal minisipal sa a gen ladan pwofite kapasite ekip konsèvasyon devwe vil nou an, epi rete an kominikasyon regilye ak òganizasyon konsèvasyon yo ak lòt ajans ki gen responsablite pou pwoteksyon anviwòmantal isit nan Long Island."

Sipèvizè Vil Southampton lan, Jay Schneiderman, te deklare, "Vil Southampton sipòte totalman Plan Jesyon Global Rezè Anbouchi Rivaj Sid Long Island 2022 a, paske li adrese amelyorasyon kalite dlo enpòtan, rekipèrasyon ekosistèm, chanjman klimatik ak bezwen fleksibilite kotyè nan rejyon nou an. Plan an eksepsyonèl, paske li bay gouvènman lokal yo, administratè tè yo, chèchè yo ak lòt moun ki gen enterè yo mwayen ak zouti pou reyalize objektif sa yo. Konsyan de defi Depatman Deta (DOS) ap fè fas a, Vil la bat bravo pou DOS pou efò difisil yo ap fè pou akonpli objektif sa yo epi li prevwa kontinye travay ak Eta a ak anpil patnè nou yo nan enplemante plan ki pi istorik epi ki gen plis valè sa a."

Sipèvizè Vil Brookhaven, Ed Romaine, te deklare, "Kòm manm Konsèy Rezè Anbouchi Rivaj Sid la, mwen patikilyèman okouran de defi anviwonmantal nou ap fè fas nan Long Island. Chanjman klimatik la te fè li nesèsè pou tabli direktiv ak yon plan aksyon ki bay solisyon bon sans pou lavni. Sa nou fè jodi a pou pwoteje ak prezève anviwòmman nou an pral afekte anbouchi a ak tout vwa navigab nou yo pou jenerasyon k ap vini yo."

Sipèvizè Vil Islip la, Angie Carpenter, te deklare, "Islip se lakay anpil bèl vwa navigab, krik, abita natirèl ak karakteristik ki se vrè resous pou Vil nou an ak rezidan yo. Se devwa nou antanke bon jeran anviwòmman nou an pou nou kontinye aji pou prezèvasyon bote natirèl sa a. Plan Jesyon Global sa a vize fè sa, epi li pral travay pou asire ke abita esansyèl sa yo prezève pou pitit nou yo, pitit pitit nou yo ak jenerasyon k ap vini yo."

Direktè Adaptasyon Klimatik la nan The Nature Conservancy-New York, Alison Branco, te deklare, "The Nature Conservancy kontan pou li rejwenn Eta New York ak kominote lokal yo nan selebre aktyalizasyon 2022 nan Plan Jesyon Global Rezè Anbouchi Rivaj Sid Long Island lan. Pandan 20 dènye ane yo, li te vin klè ke chanjman klimatik afekte tout moun ak tout bagay nan Anbouchi Rivaj Sid la. Plan ki ajou a enkòpore konpreyansyon sa a epi li bay nouvo konsèy sou fason pou pwoteje, retabli, ak jere resous enpòtan sa a. Nou felisite Depatman Deta pou angajman kontinyèl yo anvè moun ak bèt sovaj nan Long Island."

Adrienne Esposito, Direktris Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwonman (Citizens Campaign for the Environment), te deklare, "Rezidan Long Island yo renmen plaj, bè ak pò nou yo. Retabli byen natirèl sa yo enpòtan anpil pou kalite lavi nou an ak ekonomi lokal nou an. Bon nouvèl la se ke n ap fè pwogrè! Nou pwoteje

marekaj sansib yo, enstale echèl pwason, kreye nouvo resif zwit, agrikilti varèch avanse epi n ap filtre dlo lapli ki polye anvan li antre nan anviwònman maren an. Kounye a nou dwe atake nouvo defi ak menas, tankou twòp nitwojèn nan bè nou yo ki soti nan dlo ize, pwoliferasyon alg ki danjere (HAB), ogmantasyon polisyon plastik, ak chanjman enpak klimatik yo tankou asidifikasyon oseyan ak nivo lanmè k ap monte yo. Nouvo plan sa a bay yon plan esansyèl nan restore ak pwoteje Rezèv Anbouchi Rivaj Sid nou renmen anpil la. Mèsi a Sekretè Deta Eta New York la Rodriguez ak anplwaye k ap travay di nan Depatman Deta Eta NYS pou devouman POU retabli bè nou yo."

Rob Weltner, Prezidan Operasyon S.P.L.A.S.H. te deklare, "Antanke yon òganizasyon ki pase anpil tan ak efò li yo nan Rezèv Anbouchi Rivaj Sid la, nou wè pèsònèlman, anpil chanjman pozitif ki deja pote nan vwa navigab abondan li yo, marekaj sale yo ak plaj yo lè yo sèvi avèk Plan Jesyon Global la kòm yon gid. Nou ka sèlman imajine ki jan SSER a pral vin pi bon pou nou tout "abitan Island yo" lè yo sèvi avèk nouvo CMP ki ajou a ansanm ak nou tout k ap travay nan tèt kole pou ramne bè yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418